деб ёзди. Ва Навоий асарларининг қудратига таъзим қилиб, юксак баҳо берди. Муаллифнинг "Шарқ оҳанглари", "Шоҳ шоирлар билан", "Боғи эрам бизларда" ва бошқа бир қатор шеърий тўпламлари арузда битилган, ғазал, назира, мухаммаслардан иборат. Кўпчилиги Алишер Навоий ғазалларига назира, тахмис шаклида ёзилган. Абулқосим Навоийнинг йигирмага яқин ғазалига мухаммас боғлади. Агар бу рўйхатга қорақалпоқ шоири битган назираларни ҳам қўшиб ҳисобласам, Абулқосимнинг Навоийга ихлоси, ҳурмати, ижодига меҳри нақадар салмоқли ва ранг-баранг эканлигини тасаввур қилиш қийин эмас. Навоийнинг "Келмади", "Бўлмагай", "Кўринг", "Найлайин", "Нетарсан", "Инон", "Гўзал ёрга" каби ғазалларидан таъсирланиб, уларга мухаммаслари билан жавоб беради.Шоир қўшган ҳар бир мисра Навоий ғазалининг шаклий компонентларига мос, мазмун-моҳиятига пайвандланиб кетган.

*Ҳеш ким мен киби илайым ярға интизар болмағай,*
*Тары ҳәўжинде узилген, әрманлы дуўтар болмағай,*
*Шақасында турып солған ўах, алмалы- нар болмағай,*
*Ярынан ҳәрким айрылып, мендей ахыў-зар болмағай,*
*Мендей бул айлы әлемде, рәсўалыққа дуўшар болмағай...*

А.Ўтепбергенов Навоий қаламга олган мавзуни мухаммас жанрида ўзига хос ҳис туйғулар, кечинмалар орқали ёритгани муаллифнинг ютуғидир. Бундай мисолларни шоир лирикасидан яна келтириш мумкин. Қорақалпоқ адабиётида ҳам худди туркман адабиётидаги сингари Алишер Навоий ижодини яхши билган, асарларидан илҳомланиб, ўз даврига хос ва мос ижод намуналарини ёзиб, ўз миллий адабиёти тараққиётини таъминлаган шоирлар узоқ ва яқин ўтмишда ҳам кўп бўлган ва ҳозирги даврда ҳам уларнинг саноғи салмоқли. Биз шоирларнинг баъзилари тўғрисидагина тўхтадик. Ва шундай хулосага келдикки, бетакрор шоир ва мутафаккир Алишер Навоийнинг адабий мероси нафақат бу икки қардош адабиёт, балки барча туркий тилли адабиётлар учун ҳам ижод мактаби, қалам аҳли учун эса сўз санъати сирларини эгаллашида энг самарали адабий чашма вазифасини ўтагани асл ҳақиқатдир.

**Адабиётлар**


1. Алишер Навайы. "Перхат ве Ширин". –Ашгабат: 1965.
2. Озодий. "Ваьзи Озод". –Тошкент: 1918.
3. Махтумқули. Булбул ноласи. –Тошкент: 1914.
4. Мулланафас. "Зуҳра ва Тоҳир", -Тошкент: 2010.
5. Әжинияз. Булбулзибан. –Нөкис: 2014.
6. Юсупов И. Йош. Қосықлар. –Нөкис: 1977.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада Алишер Навоий ижодининг туркман ва қорақалпоқ мумтоз ҳамда замонавий адабиётига таъсири, шоирлар ижодининг ўзига хослиги, услубий ранг баранглиги, маҳорати, қиёсий аспектда ўрганилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается влияние творчества Алишера Навои на туркменскую и каракалпакскую классическую, так же на современную литературу, в сопоставительном аспекте изучается творческое своеобразие, стилистическое разнообразие, и мастерство поэтов литературы.

**SUMMARY**

The artiete deals with the impact of the work by Alisher Navoiy in Turkmen and Karakalpak classic as well as modern literature, creative peculiarity, stylistic diversity the mastery of poets of fraternal literature are explored comparatively.


## «ЖӘҲАНША» ДӘСТАНЫНЫҢ ЖАЗЫП АЛЫНЫЎЫ ҲӘМ ИЗЕРТЛЕНИЎИ МӘСЕЛЕЛЕРИ


**Ж.Қ.Мамбетов** – *докторант*
*ӨзРИА Қарақалпақстан бөлими*



**Таянч сўзлар:** «Жәҳанша» достони, генезис, типология, воқеалар ривожи, асар идеяси.
**Ключевые слова:** дастан «Жаханша», генезис, типология, ход событий, идея работы.
**Key words:** «Zhakhansho» dastan, genesis, typology, stages of event evolution, topic of the work.


«Жаҳанша» дәстаны қарақалпақ дәстанлары арасында жанрлық, идея-тематикалық, көркемлик өзгешелиги, баянлаў стили бойынша өзине тән өзгешеликлерге ийе дәстанлардан есапланады. Дәстанның Қурбанбай жыраўдан жазып алыныўы Қарақалпақстанда фольклористика илиминиң иргесиниң қаланыў тарийхы менен тығыз байланыслы. 1931-жылы Республикада ең дәслепки илим изертлеў орайы-комплексли илим изертлеў институтының ҳәм оның қурамында әдебият бөлиминиң шөлкемлестирилиўи, жергиликли фольклортаныўшы кадрлардың жетилисип шығыўы қарақалпақ халық аўызеки әдебиятының, соның ишинде, халық дәстанларын жазып алыў, баспадан шығарыў ҳәм илимий изертлеўлер объектине тартыўға кең жол ашып береди. Нәтийжеде, 1930 ҳәм 1970- жыллар аралығында қарақалпақ бақсы-жыраўларынан көплеген халық дәстанлары, солардың арасында, 1956-жылы М.Сейтниязов тәрепинен қарақалпақтың белгили жыраўы Қурбанбай жыраў Тәжибаевтан «Жәҳанша» дәстанының бир варианты жазып алынады. Дәстанның бул вариантының қолжазбасы Өз ИА Қарақалпақстан бөлиминиң Фундаментал китапханасының қолжазбалар бөлиминде сақланбақта. Қолжазбаның улыўма көлеми 8000 зыят қосық қатарынан ибарат болып, дәстан тексти кирилл жазыўында жазылған.

«Жаҳанша» дәстаны ең дәслеп 1990-жылы ӨзССР ИА ҚҚФ Н.Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтының Қарақалпақ фольклоры секторы фольклортаныўшы алымлары А.Каримов, К.Мамбетназаров, Т.Нийетуллаев ҳәм К.Ерназаровлар тәрепинен баспаға таярланып, Қарақалпақ фольклорының XX томнан ибарат жыйнағының XX томында жарық көреди.

Дәстанның Қурбанбай жыраўдан жазып алынып баспадан шығарыў ўақты қарақалпақ фольклористикасының дәслепки раўажланыў басқышы ҳәм сол дәўирдеги илимий қарасларда фольклорлық үлги текстиниң илимий изертлеў ушын ең зәрүрли материал сыпатында қараў, оны баспаға таярлаўда текстологиялық анализ қағыйдаларына әмел етиў сыяқлы ислер еле өз көринисин таппаған дәўирлерге туўра келеди. Соның менен бирге, сол дәўирдеги илим ҳәм мәдeният тараўында мәдений естеликлерди, солардың арасында фольклорлық мийрасқа класслық көзқарастан баҳа бериў тенденциясы жетекши еди.

Дәстанның кейинги баспасын таярлаўда дәстан текстине исленген анализлер жуўмағы 1990-жылда баспада баспаға таярлаўшылар тәрепинен дәстандағы қаҳарманлардың көплеген монолог ҳәм диалоглардың тексти қысқартылып келтирилиўи, қосық қатарларын жазба әдебият нормаларына салып қайта ислеў, әсиресе, дәстандағы персонажлар портретин сол дәўир идеологиясында ҳүкимлик еткен класслық қарас тенденциясы тийкарында қайта ислеў сыяқлы негатив жағдайлар орын алған. Нәтийжеде, дәстан тексти көплеген өзгерислерге ушырап, ондағы Қурбанбай жыраўдың атқарыўшылығына тән болған поэтикалық стиль өзиниң ҳақыйқый көринисин жоғалтқан. Бул, өз гезегинде, Қурбанбай жыраў атқарыўшылығы бир бөлеги есапланған XIX әсир қарақалпақ жыраўшылық традициясын фольклористика илиминиң ҳәр қыйлы аспектлеринде изертлеўде ҳәм тийисли илимий жуўмақлар

шығарыўға кесент келтириўи сөзсиз.

Дәстан екинши мәртебе К. Бекбергенов тәрепинен баспаға таяланып 2012-жылы 100 томнан ибарат «Қарақалпақ фольклоры» сериясының 43-томында қайтадан басылады. Бул баспа Қурбанбай жыраўдан жазып алынған түп нусқа фольклорлық текстлерге текстологиялық анализ ислеўдиң барлық қағыйдаларын сақлаў арқалы әмелге асырылады.

«Жәҳанша» дәстанын илимий изертлеў объектине тартыў, тийкарынан, 1970-жылдың екинши ярымында басланып, дәслепки илимий қараслар, тийкарынан, дәстанды қарақалпақ халық дәстанлары қатарында белгилеў менен шекленеди. Бундай мазмундағы дәслепки пикир Н.Жапақовтың «Жәрияланбаған дәстанлар» мақаласында келтирилип өтиледи. Н.Жапақов өз мақаласында дәстан сюжети композициясын қураўшы ўақыялар ҳәм олардың бир-бири менен байланысына белгили дәрежеде кең түрде тоқтап өтеди. Ол, әсиресе, дәстанның бас қаҳарманы Жәҳанша образына айрықша итибар берип, бул образдың сол дәўирдеги қарақалпақ халқының эпикалық дөретпелерге, жаңа эстетикалық идеалға болған талабы нәтийжесинде жүзеге келгенлигин ҳәм оның Қурбанбай жыраў репертуарында өз көринисин тапқанлығын айтып өтеди. Н. Жапақов дәстанның фольклористика илиминде оның тарийхый дәреклери, генезиси бойынша буннан кейинги изертлеўлерге түртки болатуғын белгили бир өзине тән илимий тийкарға ийе төмендеги концепцияны алға сүреди: «Дәстан алдына еки мақсетти қояды. Бир жағынан адамды, жасларды билим алыўға өнерли болыўға шақырса, екинши жағынан татар (ноғайлылар) аўқамын беккемлеп, оның халқының абат болыўын, биргеликли ел болыўын әрман етеди. Усыған қарағанда дәстанның дәслепки дөреў дәўири XV әсир болыўы итимал. Өйткени, XV әсирдиң екинши ярымынан баслап, ноғайлылар аўқамының ыдырай баслағанын, соны қайта тиклеў ушын усы аўқамның басшыларының ҳәр қыйлы жоллар менен күш салғанын тарийхый дәреклер көрсетеди. Дәстанда «Ура төбедеги» Жаҳаншаның ели менен ноғай елиниң бурында бир ел, бир мәкан екени айтылады. Ал, дәстандағы «Қарақалпақ қайшылы урыўы» ҳәм «татар» деген атамалар, бизиңше, соңғы дәўирлерде қосылған болыўы керек. Себеби, сол дәўирде ҳәзирги қарақалпақ халқы ноғайлылар аўқамында жасаған халықлардың бири екенлиги мәлим» [1]. Соның менен бирге, алым дәстанның көркем әдебий тили, екинши дәрежели образлар қурамы ҳаққында дыққатқа ылайық пикирлерди келтирип өтип, оның баспада жәрияланыўы мәселесин көп кешиктирип болмайтуғын мәселелерден екенлигин белгилеп өтеди.

Н.Жапақовтың мақаласынан кейин дәстан ҳаққында айырым илимий пикирлер сол дәўирде қарақалпақ қаҳарманлық эпосы, солардың арасында, Қурбанбай жыраў репертуарына тийисли «Қырық қыз» дәстаны ҳәм жыраўдың өмири, дөретиўшилиги бойынша илимий изертлеўлер алып барған Қ.Мақсетовтың мақала ҳәм монографияларында жәрияланады. Илимпаз ең дәслеп өзиниң «Қурбанбай Тәжибаев» мақаласында жыраўдың қарақалпақ халық аўызеки әдебиятында қахарманлық эпосы традициясы эволюциясындағы орны, жыраўдың эпосты атқарыўдағы индвидуаллығы, жеке репертуары ҳәм оның еле баспадан шығарылмаған дәстанлары қатарында «Жәҳанша» дәстанын да атап өтеди. Дәстан ҳаққындағы илимпаздың дәслепки илимий қараслары оның Қурбанбай жыраўдың дөретиўшилигине арналған «Каракалпакский эпос» мийнетиниң «Неопубликованные дәстаны Курбанбая жырау» бөлиминде, ҳәм «Қарақалпақ жыраў - бақсылары» монографиясында келтириледи. Қ.Мақсетов өз мийнетинде дәстанның жазып алыныўы, оның қысқаша мазмуны ҳаққында сөз ете келип, дәстанды буннан былай изертлеўде әҳмийетке ийе болған пикирлерди ортаға таслайды. Илимпаздың пикири бойынша, дәстанның улыўма сюжетлик структурасы қарақалпақ халық эпикалық традициясында орныққан, яғный усы традицияда өз орнына ийе дәстанлар қатарына киреди. Ол Қурбанбай жыраўға дейин басқа көплеген жыраўлардың репертуарларынан орын алған ҳәм ол бул жыраўдың жеке индвидуал шеберлиги нәтийжесинде өзине тән өзгешеликке ийе болған вариантты пайда еткен. Дәстан өз ишине көплеген ертеклик сюжетлерди, солардың арсында «1000 алтын тиллаға өнер үйрениў», «шатраш ойнаў», «қахарманның кәрўаншылар тәрепинен қудықтан тилла алғаннан кейин оны қудықта қалдырыўы» сыяқлы сюжетлер ҳәм қарақалпақ, ҳәм басқа түркий-монгол халықлары эпосына тән болған қахарманның душпан менен жекпе-жек алысыўы, той, қыйын сапар, перзентсизлик мотивлери орын алған. Илимпаз өз мийнетинде дәстанның бас образы болған Жаҳанша образына айрықша тоқтап өтип, бул образдың басқа қарақалпақ қаҳарманлық образлардан өзгешелиги ҳәм улыўмалығы ҳаққында дыққатқа ылайық пикирлер келтиреди. Оның көрсетиўинше, Жаҳанша басқа қаҳарманлық эпослары қаҳарманлары сыяқлы артықмаш физикалық күш, туўылған жерге болған муҳаббат, өз алдына қойған мақсетке умтылыўшы қаҳарман болыў менен бирге, көплеген билим ҳәм өнерди өзлестирген ҳәм оларды турмыста ақыллылық пенен пайдалана алатуғын образ сыпатында көринеди. Алым бул пикири менен Жәҳанша образын қарақалпақ қаҳарманлық эпосы традициясында жеке күш пенен билим, өнердиң қосындысын өзининде жәмлеген жаңа типтеги образ сыпатында баҳалайды. Соның менен бирге, автор дәстандағы ҳаял-қызлар образы – Заўрия ҳәм Гулнахар образларына да тоқтап өтип, бул образлардың дәстандағы образлар системасындағы орны көрсетилип өтиледи [2].

«Жәҳанша» дәстаны ҳаққындағы дыққатқа ылайық мақала дәстанның «Қарақалпақ фольклоры» көптомлығының XX томында алғы сөз формасында келтириледи. Мақала дәстанды баспаға таярлаўшылар А.Каримов, К.Мамбетназаров, Т.Нийетуллаев, К.Ерназаровлар авторлығында жазылған.

Мақалада «Жәҳанша» дәстанында тийкарынан өнер үйрениў, билим алыў туўралы прогрессивлик идея сөз етилетуғынлығы, дәстанның сюжети сол идеяны раўажландырыўға қурылғанлығы, соның менен бирге онда қаҳарманлықты тәриплеўши моментлердиң басым екенлиги, сол себепли дәстанды жанрлық жақтан қаҳарманлық дәстанлар қатарына киргизиў кереклиги ҳаққындағы пикир келтириледи. Мақалада соның менен бирге, дәстанның тарийхый ўақыялыққа қатнасы мәселеге де тоқталып өтилип, авторлар дәстандағы сүўретленген ўақыялардың қайсы дәўирге тийисли екенлиги ҳаққындағы мәселеге де тоқтап өтеди. Авторлар Н.Жапақовтан парықлы, дәстан сюжетинде тарийхый ўақыяларға салыстырғанда анаў ямаса мынаў дәўирге тийислилигин анықлаў қыйын болған ертеклик сюжетлердиң көплиги дәстан ўақыяларының қайсы тарийхый дәўирге тийислилигин анықлаў имканын бермейтуғынлығын айта келип: «Жыраўдың дәстанда сөз еткен Ура төбе, Шын – Машын, татар еллери арасындағы қатнасықлар қайсы дәўирде болып өткенлиги белгисиз. Сонлықтан, бул дәстанның ўақыясын конкрет мына дәўирде болған ўақыя деп айтыўға болмайды» деген жуўмаққа келеди [3]. Соның менен бирге, мақалада дәстанның образлар системасы, идеятематикалық бағдары ҳаққында да сөз етиледи.

Өзбекстан Республикасы өз ғәрезсизлигине ерискеннен кейинги дәўирлерде қарақалпақ миллий фольклористика илиминде миллий мийрасларды кең түрде илимий изертлеў, әсиресе коммунистлик идеология басымы астында изертленген ҳәм баспадан шығарылған фольклорлық дөретпелерди қайтадан илимий изертлеў

ҳә баспаға таярлаў ислери қолға алына баслайды. 2000 – жылларға келип, қарақалпақ миллий фольклорының басқа жанрларға тийисли үлгилери қатарында қарақалпақ дәстанлары солардың арасында Қурбанбай жыраўдың «Жаҳанша» дәстаны да қайтадан баспаға таярланып, 2012-жылы Қарақалпақ фольклоры көптомлығының 43 томында баспадан шығады. Усы томның Ж.Хошниязов, А.Альниязов, П.Нажимов, Қ.Бекбергеновлар тәрепинен жазылған алғы сөзинде «Жәҳанша» дәстаны ҳаққында қысқаша сөз етип, «Жәҳанша» дәстаннынын баспаға таярлаў менен байланыслы болған текстологиялық жумыслардың нәтийжеси ҳәм дәстанның буннан алдыңғы баспасына тән болған текстологиялық анализ методына қайшы келетуғын текстти қайта ислеў ҳәм қысқартыўлар ҳаққында пикир жүритиледи.

Жуўмақлап айтқанда, «Жәҳанша» дәстаны ҳаққында қарақалпақ фольклористика илиминде усы дәўирге дейин жазылған мийнетлер улыўмалық характерде болып, олар тийкарынан дәстанның қарақалпақ дәстанлары арасындағы орнын белгилеў, дәстанның идея-тематикалық өзгешелиги, образлар системасы, дөрелиў дәўири ҳаққындағы қысқа пикир ҳәм шолыўлардан ибарат.

**Әдебиятлар**

1. Жапақов. Н. Жәрияланбаған дәстанлар. // «Әмиўдәрья». 1974. №8. 109-112-б.

2. Мақсетов К.М. Каракалпакский эпос. –Ташкент: 1976. -С.156-159; Мақсетов К. М. Қарақалпақ жыраў – бақсылары. – Нөкис: 1983. 72-б.

3. Каримов А., Мамбетназаров К., Нийетуллаев Т., Ерназаров К. «Жәҳанша», «Ерсайым», «Бозжигит», «Зийнеп-Алтынгүл» дәстанлары ҳаққында. Қарақалпақ фольклоры. XX том. 6-8-б.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада қорақалпоқ халқ достони "Жаханшо"нинг Қурбонбой жировдан ёзиб олиниши, нашр қилиниши ва тадқиқ қилиниши ҳақида сўз юритилади. "Жаханшо" достонининг тадқиқ қилиниш тарихи ҳақида малумотлар келтирилган. Илмий тадқиқотлардаги фикр ва хулосалар тахлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена записи, публикации и исследованию каракалпакского народного эпоса «Джаханшо» из произведения Курбанбоя Жирова. Имеются сведения об истории изучения эпоса «Джаханшо». Анализируются идеи и выводы научных исследований.

**SUMMARY**

This article deals with the recordings, publication and research of the Karakalpak folk epic "Jahansho" from Kurbanboy Jirov. There is information about the history of the study of the epic "Jahansho". Scientific research ideas and conclusions are analyzed.

## «ЖӘҲАНША» ДӘСТАНЫНЫҢ ҚУРБАНБАЙ ЖЫРАЎ РЕПЕРТУАРЫНДА ЖЫРЛАНЫЎЫ

**Ж.Қ.Мамбетов** – *докторант*

*ӨзРИА Қарақалпақстан бөлими*

**Таянч сўзлар:** «Жоҳанша» достони, генезиси, типология, жиров, репертуар.
**Ключевые слова:** дастан «Жаханша», генезис, типология, жырау, репертуар.
**Key words:** «Zhakhansho» dastan, genesis, typology, jyrov, repertoire.

«Жәҳанша» дәстанының жазып алыныў дәўири Қурбанбай жыраўдың жыраўшылық өнери, соның менен бирге, дәстаншылық пенен байланыслы қарақалпақ эпикалық традициясы өзиниң ең бийик шыңына шыққан дәўири еди. Жыраўдың дәстаншылық өнериндеги улыўма түркий тиллес халықлар эпикалық традициясына тән болған қаҳарманлық дәстаншылық дәстүринен белгили дәрежедеги өзгешелиги көпшилик алымларды оның репертуарындағы дәстанларды авторлық дәстанлар сыпатында қараўына алып келгенлиги де белгили. Солардың арсында «Жәҳанша» дәстаны ҳаққында да усындай көзқарас бар еди. Дәстанның қарақалпақ фольклорының XX томындағы дәслепки баспасындағы алғы сөзде авторлар Қ.Мақсетовтың дәстанды қарақалпақ эпикалық дәстүринде орныққан, өз орнына ийе деген пикиринен узақласқан: «Дәстанды жырлаўшы өзине шекемги бир қанша устаз жыраўлардың атын атап, усы арқалы дәстанның көптен берли айтылып киятырған мийрас екенлигин дәлиллемекши болады» деген пикирди келтиреди [1].

Бундай екиленийўши пикирдиң келип шығыў тийкары, әлбетте, сол дәўирдеги қарақалпақ миллий фольклористика илиминде эпикалық традиция ҳәм онда жыраўдың индивидуал дөретиўшилигиниң орны, вариантласыў мәселелериниң илимий изертлеў объектине еле кең көлемде тартылмаўы менен байланыслы еди.

Усы дәўирге дейин дүнья жүзлик фольклористика илиминде Б.Соколов, Ю.Соколов, В.М.Жирмунский, М.К.Азадовский, В.И.Чичеров, Х.Зарипов, Т.Мирзаевлар 1915; Жирмунский В.М. 1974; Чичеков В.И. Ю.М.Соколов. 1948; Астахова А.М.) тәрепинен халық аўызеки дөретпелериниң ҳәр қыйлы тарийхый басқышларда социаллық шараятларда жасаў формалары, атқарыўшы ҳәм оның аудиториясын билиў, дөретиўшилик атқарыўда традиция ҳәм импровизацияның ролин белгилеў, атқарыўшылық (жыраўшылық) мектеплери ҳәм ондағы тәлим, атқарыўшының индивидуал стили ҳаққында ҳәрекеттеги эпикалық традиция мысаллары тийкарында илимий мийнетлер жазылған.

Улыўма дүньяжүзлик фольклористика илиминде буннан алдын пайда болған мийнетлер, жоқарыда келтирип өтилген алымлар тәрепинен жазылған мийнетлер ҳәм түркий тиллес халықлардың эпикалық традициясына тийисли болған көплеген материаллар тийкарында М.М.Жирмунский тәрепинен жазылған «Среднеазиатские народные сказители» мақаласы эпикалық традиция ҳәм индвидуал дөретийўшиликтиң традицияда жасаўы бойынша көплеген мәселелерге, солардың арасында бизиң илимий изертлеўимиздиң объекти болған «Жәҳанша» дәстанының Қурбанбай жыраўдың индвидуал шеберлиги мәселесине де белгили дәрежеде айдынлық киргизиў имканын береди. В.М.Жирмунский өз мақаласында импровизацияның Орта Азия жыраўларының улыўма эпикалық традиция көлеминде көплеген дәстанлардың вариантларының пайда болыўында тийкарғы факторы сыпатында баҳалап, пайда болған индвидуал вариантлардың белгили бир жыраўшылық мектеби ямаса улыўма эпикалық традиция көлеминде әмелге асырылатуғынлығына айрықша итибар қаратады. Яғный импровизатор вариантты дөретиў процесинде эпикалық дәстүр базасында бар сюжет, мотивлер, турақлы стилистикалық фигуралар, эпитет, теңеўлер, образлар ҳәм фразеологиялық сөз дизбеклеринен пайдаланып, оларға өзиниң жеке поэтикалық уқыбынан келип шыққан ҳалда жаңа мазмун береди. Соның менен бирге, алым Орта Азиялы жыраўлардың дәстанды атқарыўды тыңлаўшылар аудиториясының талабы бойынша дәстандағы белгили бир эпизодларды қысқартыўы, басқа эпизодлар менен алмастырыўы мүмкин [2].

Қурбанбай жыраўды жақсы билген Қ.Мақсетов жыраўдың өмири ҳәм жыраўшылық шеберлиги ҳаққындағы бир мақаласында оның өмиринен В. Жирмунскийдиң жоқарыдағы пикирин тастыйықлаўшы,